# Chimanika: Bible for 1 Corinthians

Formatted for Translators



generated on Tue Aug 5 16:22:22 2025

©2022 Wycliffe Associates
Released under a Creative Commons Attribution-ShareAlike 4.0 International License.

Bible Text: The English Unlocked Literal Bible (ULB)
©2017 Wycliffe Associates
Available at https://bibleineverylanguage.org/translations
The English Unlocked Literal Bible is based on the unfoldingWord® Literal Text, CC BY-SA 4.0. The original work of the unfoldingWord® Literal Text is available at https://unfoldingword.bible/ult/.
The ULB is licensed under the Creative Commons Attribution-ShareAlike 4.0 International License.

Notes: English ULB Translation Notes
©2017 Wycliffe Associates
Available at https://bibleineverylanguage.org/translations
The English ULB Translation Notes is based on the unfoldingWord translationNotes, under CC BY-SA 4.0. The original unfoldingWord work is available at https://unfoldingword.bible/utn.
The ULB Notes is licensed under the Creative Commons Attribution-ShareAlike 4.0 International License.

To view a copy of the CC BY-SA 4.0 license visit http://creativecommons.org/licenses/by-sa/4.0/

Below is a human-readable summary of (and not a substitute for) the license.
You are free to:
Share — copy and redistribute the material in any medium or format. Adapt — remix, transform, and build upon the material for any purpose, even commercially.
The licensor cannot revoke these freedoms as long as you follow the license terms.
Under the following conditions:
Attribution — You must attribute the work as follows: "Original work available at https://BibleInEveryLanguage.org." Attribution statements in derivative works should not in any way suggest that we endorse you or your use of this work. ShareAlike — If you remix, transform, or build upon the material, you must distribute your contributions under the same license as the original. No additional restrictions — You may not apply legal terms or technological measures that legally restrict others from doing anything the license permits.

Notices:
You do not have to comply with the license for elements of the material in the public domain or where your use is permitted by an applicable exception or limitation.
No warranties are given. The license may not give you all of the permissions necessary for your intended use. For example, other rights such as publicity, privacy, or moral rights may limit how you use the material.

# 1 Corinthians

## 1

[1]Pauro akadaidzwa nekuda kwamwari, kuti awe muaPostora waKristu Jesu, naSosteni, hama yedu, [2]Kuti kuChechi
yaMwari iri pakorindte, kune wakaitwa waswene pamwechete newose wanodaidza pose pose zita raJesu Kristu, Ishe
wedu, wawenewedu: [3]Nyasha Ngadziwe nemwi, nerugare rinobva kuna Mwari, Baba wedu naIshe Jesu Kristu.[4]Ndinogara
ndichinamata Mwari nguwa dzese nekuda kwenyu, pamusoro penyasha dzaMwari dzamakapiwa munaKristu Jesu. [5]Iye
akakupfumisai pazwinhu zwese, maari, pakutaura kwese, nepakuziwa kwese, [6]Nekudaro nechapupu chaKristu
chakasimbiswa kwamuri.[7]Hamushaiwi chipoChimwe ; muchimirira kuratidzwa kwashe wedu Jesu Kristu.
[8]Uchakusimbisai kuswikira pakuguma, kuti muwe wasingapomherwi pazuwa raIshe Jesu Kristu. [9]Mwari ndiye
akatendeka, wamakadaiswa naiye kuyanana nemwanakomana wake, Jesu Kristu, Ishe wedu.[10]Zwino ndinokumbira
zwikuru kwamuri, hama dzangu, nezita raIshe wedu, Jesu Kristu, kuti imi mwese mutaure chinhu chimwe, kuti pakati
penyu pasawe nekupesana. asi kuti musanganiswe zwakanaka pamutemo mumwe nekufunga kumwe. [11]Nekuti
ndakakutaurirwa pamusoro penyu, hama dzangu, newariwekwakroe, kuti kune kupikisana pakati penyu.
[12]Zwandinotaura ndizwo kuti: Mumwe nemumwe, wenyu unoti: Ini ndiri wepauro, '' waporo'', ini waKefasi,'' ini
waKristu''. [13]Zwino Kristu wakapatsanurwa here? Pauro wakarowererwa pachinjikwa nekuda kwenyu here?
Makabhabhatidzwa muzita raPauro here?[14]Ndinotenda Mwari, kuti andina kubhabhatidza mumwe wenyu, asi Krispo na
Gayo; [15]Kuti kusawe nemunhu ungati, makabhabbhatidzwa muzita rangu. Zwekare ndakabhabhatidzawo imba
yaStefana. [16]Asi wamwe andiziwe kuti ndakabhabhatidza mumwe.[17]Nekuti Kristu hana kundituma kuti ndibhabhatidze,
asi kuti ndiparidze ivhangeri. Kwete neshoko reruzio rewanhu, kuti muchinjikwa waKristu usabvisiwe.[18]Nekuti shoko
remuchinjikwa wupenzi kune wanoparadzwa; asi kwatiri isu, tinoponeswa, isimba RaMwari. [19]Zwakanyorwa zwichiti:
''Ndichaparadza wuchenjeri ndichaparadza wuchenjeri wewakachenjera, ndichabvisa kuziwa kwewanoziwa''.[20]Waripiko
wakangwara? Waripi munyori? Waripiko muiti wenharo wenyika ino? [21]Mwari haana kuita kungwara kwenyika ino
wuwe upedzi here? Nekuti pashure kweruziyio rwaMwari, Nyika nekungwara kwaiyo haina kuziya Mwari, nekuti
zwakafadza Mwari newupedzi wekuparidza kuponesa wanotenda.[22]Nekuti waJudha wanokumbira chiratidzo, newagiriki
wanotswaka ruziyo. [23]Asi isu tinoparidza Kristu wakarowerwa pamuchinjikwa, chigumbuso kuwaJuda, newupedzi
kuwahedheni.[24]Asi kune wakadaidzwa na Mwari, waJudha newagiriki, isu tinoparidza Kristu, Isimba raMwari
Newuchenjeri waMwari. [25]Nekuti wupenzi waMwari wakachenjera kudarika wanhu, kuneta kwaMwari kwakasimba
kudarika kwewanhu.[26]Tarisai kudanwa kwenyu, hama dzangu. awasi wakawanda wakangwara panyama, wakadanwa,
awasi wakawanda; awasi wakadanwa wanesimba, awasi wakawanda wanokudzwa. [27]Asi Mwari akasarudza zwinhu
zwewupenzi kuti wanyadzise wakangwara; wakasarudza zwakaneta panyika kuti wanyadzise zwinesimba.[28]JEju
akasarudza zwinhu zwinozwininipisa zwakashoreka munyika, nezwinhu zwisipo, kuti ashaise zwiripo simba razwo. [29]Iye
akaita izwi kuti kusawe nenyama inozwikudza pamberi paMwari.[30]Asi naye muri muna Kristu Jesu,nekuti iye wakatiitira
isu wuchenjeri wunobva kunaMwari, nekururama, nekuitwa waswene nekudzikinuro. [31]Kuti unozwirumbidza,
ngazwirumbidze, muna Mwari''.

## 2

[1]Pandakauya kwamuri, hadina kuya nekugona kutaura kana uchejeri, Kwepamusoro pandakaparidza kwamuri
nezwapupu zwaMwari. [2]Nekuti ndakati andidi kuziwa Shinhu pandanga ndiri kwamuri, kunze kwaJesu, uye Iye
akakomererwa.[3]Ini ndakanga ndinemi pakuneta, nekutya nekutenderera kukuru. [4]Shoko rangu nekuparidza kwangu
zwanga zwisina mashoko yechenjeri. kunze kweizwi, kuratidza Mweya mutswene ne simba, [5]kuti kutenda kwenyu
kusawe kwenjere dzewanhu, asi simba ramwari.[6]Zwino, isu tinotaura nenjere kune wakakwana, asi kwete njere
dzenyika ino, kana watongi wwenguwa ino, wakandona. [7]Asi tinotaura ne njere dza Mwari ne shokwandi Yakawadzika,
njere dzakawadzika, Mwari yakatigadzirira zwino zwisati zwawapo kuti zwibwinye.[8]Apana watongi wenyika ino waziya
njere idzi, Nekuti ndai wakaziwa panguwa iyo, Iwo wakanga wasiga komerere Jesu anobwinya. [9]Asi sezwakanyorwa:
''Shinhu shisina kuwoneka nemadziso, kunyagwe zwisina kudzwika nenzewe, apana pfugwa dzakazwifunga, Ndizwo
izwi Mwari zwaakagadzira kune wanomuda''.[10]Izwi ndizwo zwinhu Mwari zwaakatiratidza kwatiri nekuda KweMweya.
Nekuti Mweya unonzwera zwose, kunyagwe zwinhu zwakadzika zwaMwari. [11]Nekuti ndiani anoziwa pfugwa dzemunhu
kunze kwekuti mweya uri mune munhu? Nekudaro apana anoziwawo zwinhu zwakadzika dzaMwari Kunze kwaMwaya
waMwari.[12]Asi isu atina kugamushira mweya wenyika ino, Asi, Mweya unobva kuna Mwari, kuti tiziwe zwenu
zwakasunuguka zwatakapowa na Mwari. [13]Isu tinotaura neizwi nemasho kuti unjere wawemunhu haufundise, Asi
zwatinozidzisswa neMweya. Mweya unodudzira mashoko yemweya ne njere dzemweya.[14]Ndiani asiri wemweya
ngasagamushire zwaMweya waMwari, Nekuti upedzi Kwaari. Afaniri kunzwisisa asi zwinonzwisiswa ne mweya.
[15]WeMweya anotonga zwese, Asi iye afaniri kutonga amwe. [16]''Nekuti ndiani anoziwa pfugwa dzaIshe, amufundise?'' Asi
isu tine pfugwa dzaKristu.

## 3

[1]Hama, ini ndakanga ndisingagoni kukutaurirai sewanhu wemweya, asi sewanhu wenyama, newana muna Kristo. [2]ini
ndakakuchengetai nemukaka, kwete nechekuyha, nekuti makanga musati masimba, uye amusati masimba zvakakwana.


generated on Tue Aug 5 16:22:22 2025

[3]Nekuti imi muchiri wenyama. Nekuti kana muchirarama nechange nekusazwisisana pakati penyu, amusi kurarama
munyama, uye nekufamba mundzira yewanhu wenyama ere? [4]Asi kana munhu akati: "Ini ndino tewera Paulo," Mumwe
zvakare akati: "Ini ndinotewera Apolo", amusikurarama nekuda kwemunhu ere? [5]Saka ndiani ko Apolo? uye ndiani ko
Paulo? Pakati pawaranda wakatenda, nekuda kwemugowo waakapiwa naShe mumwe nemumwe.[6]Ini ndakasima, Apolo
ndokudiridza, asi Mwari ndokukudza. [7]Naizvozvo, wanosima, neanodirira, apanachaakaita. Asi ndimwari anokudza .
[8]Naizvozvo, anosima neanodiridza apana musiano, umwe nwume anotambira mubairo nekuda kwebasa rake. [9]Nekuti tiri
wabati Wamwari. Murimunda waMwari uye muri imba yaMwari.[10]Nekuda kwenyasha dzaMwari dzandakapiwa
semutungamiriri akachengera, ini ndakakhanda dombo rekutanga ndobva ndawaka pamusoro paro. [11]Nekuti
atingakhandiri dombo parimwe dombo rakhandirwa kare, uye ndiJeso Kristo.[12]Zvino kana munhu achiwaka pamusoro
pedombo rekutanga negoridhi, sirivheri mapuwe anopenha, nematanda, neuswa, [13]basa raka richaratidzwa, uye kupenya
kwezuwa kucharatidza. Nekuti zvicharatidzwa nemoto; Uye moto ucharatidza basa reumwe neumwe zvaakaita.[14]asi
kana basa remumwe rikakunda moto, iye achawa nemubairo. [15]Asi, kana basa remumwe rikaswa, acharuza. Iye
achaponeswa, asi zvichawa nemadariko emumuto.[16]Amuziwi kuti murithemberi yaMwari uye Mweya waMwari unogara
mamuri here? [17]Asi kana munhu akaparadza themnber yaMwari, Mwari achamuparadza wo. Nekuti themberi yaMwari
ndimi, uye muri watswene.[18]Munhu ngaasazvinyepera. Kana munhu pakati penyu achizviti akachengera muguwa yatiri
ino. gaazviite munhu "akapusa", kuti iye awe munhu akachenjera. [19]Nekuti uchenjeri wenyika ini kupusa pamberi
paMwari. nekuti zvakanyorwa kuti: "Iye ngaazviise mukuchenjera pamazano ake". [20]Zvakare: "Ishe wanoziwa kuti
pfungwa dzwewakachenjera adzibatsiri".[21]zwino musazvikudza zvakare pamberi pewanhu! Nekuti zvinhu zvose
ngezvenyu, [22]angawe Paulo, kana Apolo, kana Cefas, kana nyika, kana upenyu, kana rufu, kana zviro zvatirikuona, kana
zvatichaona. zvese ngezvenyu [23]uye imi ndimi kristo uye Kristo ndiMawari.

## 4

[1]Munhu upi newupi ngarangarire, saizwozwo kuti tiri waranda waKristu, wachemgeti wezwakawadzika zwaMwari.
[2]Zwino pazwinu izwi, watarir pawanoswaka kuti munhu awonekwe akatendeka.[3]Chinhu chidokodoko kwandiri kuti
nditokwe nemwi kana kutongwa kwemunhu, andizwitongi ndirinemwi. [4]Nekuti andiziwi nyaya yandirikupomerwa; asi
andiruramiswi neizwozwo. Asi Ishe ndiye unonditonga.[5]Saka musatonga chinhu kana nguwa isati yakwana, kuswikira
Ishe wauya. Iye uchabudisa pachena zwakawandzika zwerima, nekuratidza mifungo yemumoyo. Zwino mumwe
nemumwe achagamuchira uchatambira rumbidzo yaMwari.[6]Zwino hama, dzangu, zwinhu izwi ndakazwinyora
ndichizwifananidzira Ini neAporo, nekuda kwenyu, kuti mudzidze nesu: ''Kusapfura izwo zwakanyorwa''; kuti mumwe
asazwikudze muchifurira umwe. [7]Uye, kune anowona musiyano, pakati penyu? Chiko chauinacho chausina kutambira
mahara? Kana wakapiwa unozwikudzireiko semusina kutambira?[8]Imi matonezwese zwamaida matonepfuma! mabata
wushe kunze kwedu ndai maibata wuche wenyu, kuti isu tibatewo pamwechete nemi. [9]Nekuti Mwari wakatigadza, isu
wapostora, apkupedzisira sewanhu wakatongerwa, rufu. Nekuti takaitwa chinhu chinoshamisa, nyika newatumwa
wewanhu.[10]Isu tiri mapedzi nekuda kwaKristu, asi imi makangwara muna Kristu. Isu takananeta, asi imi munesimba
imimunokudzwa asi isu tinozwiszwa. [11]Kuswikira nguwa ino isu tinenzara, nenyota. hatina chatinofunga tinorobwa,
netsiwa hatinanzwimbo kwayo yekugara.[12]Tinotambudzika,tichibata nemaoko kana tichitukwa tinoropafadzwa, kana
tichitambudzwa tinosunga moyo. [13]Kana tichipomerwa tinowaraidza; takaitwa setswina yenyika,marara ewose kuswikira
nanasi.[14]Ini andinyori zwinhu izwi kuti ndikunyadzisei, asi kuti ndikurairei sewana wangu. [15]Zwino, kana maiwa wane
zwiuru zwinegumi, munaKristu, hamuna madzibaba wakawanda. Nekuti muna Jesu Kristu wakakuberekai, neIvangeri.
[16]Naizwozwo ndinokumbira zwikuru kwamuri kuti muwe watewereri watedzeri wangu.[17]Sakei ndirikukutumirai,
Timotio Kwamuri, mwanawangu wandinoda wakatendeka muna Ishe. Iye uchakucherechedzai, mitowo wangu iri muna
Kristu, sekudzidzisa kwandinoita kuswimbo yese muchechi imwe neimwe. [18]Zwino wamwe wanozwikudza sefanike
andiuyi kwamuri.[19]Ndichakasika kuwuya, kwamuri, Kana ishe achida. Andiziwi shoko reiwo wanozwikudza, asi simba
rawo. [20]Zwino wuMambo waMwari, hausi pamashoko, asi pasimba. [21]Munotswakeiko? Ndiuye kwamuri nemushapu kana
kuti nerudo, nemweya wewunyoro here?

## 5

[1]Isu takazwa kuti pakati penyu parikutwa ufewe, ufewe unotenderwa newahedeni. Tanzwa kuti umwe wenyu arikuwata
nemudzimai wababa wake. [2]Munozwitutumadza imi! kunze kweizwi, musafaniri yenyu kuchema? ita izwi anofanira
kubviswa pakati penyu![3]Nekuti, kunyagwe ndisipo panyama ndiripo pamweya, ndakapo tonga uya akaita izwi, ndai
ndiripo. [4]Mukawugana ne zita raJesu Kristu wedu, uye mweya wangu wakanga ndiripo nesimba raIshe Jesu Kristu wedu,
[5]Ndapaka Murume uyo kuna Satani kuti aparadzwe nyama, naizwozwo mweya wake uchaponeswa muzuwa raIshe.
[6]Kuzwikudza kwenyu akuna kunaka. Hamusiziwe here Kuti mbiriso ikachomeka inowirasa mukanyiwa wose? [7]Chenesai
mbiriso yekare kuti mugowe mukanyiwa itsva shisina mbiriso, sezwamuri shaizwo, nekuti Kristu gwayana yedu ye
pasika, akabairwa. [8]Naizwozwo, ngatiitei mutambo, kwete ne mbiriso yekare, mbiriso yepfugwa dzakaipa ndezwakaipa,
asi nechigwa shisina mbiriso nekururama nezweshokwandi.[9]Ndakakunyorerai tsamba yangu kuti murege kufanana
nemhombwe. [10]Adisi kurewa wanhu wenyika ino wanoita upombwe, kana kuti wanokara mare, namakororo, kana
wanonamata zwifananidzo, kuti uwe kure nayo unofanira kubuda munyika.[11]Asi zwino ndirikukunyorerai kuti
musabatana newaya wanonzi hama, asi arikurarama muwopobwe, kana kuti anokara mare, kana kuti wanonamata

zwimufananidzo, kana gororo kana kuti chidhakwa kana mutuki. Munhu akadaro musayha naye. [12]Nekuti ibasa rangu
here rekutonga waya warikunze kwe chechi? kunze kweizwi, musatonge waya warimukati mechechi? [13]Asi Mwari
anotonga waya warikunze kwechechi: "bvisai wanhu wakaipa pakati penyu".

## 6

[1]Kana mumwe wenyu aine Nyaya neumwe , ungsasunga kumukwirira kune wasina kururama akasamukwirira kune
waswene here? [2]Imi hamuziwi ere kuti watswene wachatonga nyika? Zwino, kana nyika ichitonga nemwi, imi amufaniri
kutonga nyaya dzidoko here? [3]Amuziwi here kuti tichatonga watumwa zwikuru? sei izwo zweupenyu wuno![4]Zwino kana
mune nyaya dzeupenyu, wuno dzinofanira kutongwa, munogadza seiko awo wanozwidzwa pachechi kuti iwo watonge?
[5]Ini ndinotaura zwino izwi kuti munyadziswe. hakuna wakangwara pakati penyu ungakwanisa kutonga pakati pehama
nehama yake here? [6]Asi hama inokwirira hama, achizwiita pamberi pewasingatendi here![7]Zwino matowa nemhoswa
kwazwo pakati penyu, zwamunosimukirana. Munorambirei kutenda kuitirwa zwisina kururama? Munorambireiko
kutenda kubirwa? [8]Asi imi munoita zwisina kururama, mononyengetera, muchizwiitira hama![9]Hamuziwi here kuti
wasina kururama hawapindi muwuMambo waMwari here? Musarasike; nekuti mhombwe,kana wanonamata
zwifananidzo, kana wanoita ufewe, kana wakabata, kana wanoita zwakashata [10]newarume, hakuna wanopinda
muwuMambo waMwari. [11]Wamwe wenyu wanga wakadaro. Asi makangendzwa, asi makaitwa watswene.
Makaruramiswa nezita raShe Jesu Kristu nemweya waMwari wedu.[12]Ndakatenderwa zwinu zwesen asi zwinhu zwese
azwindibatsiri. " Ndakatenderwa kuita zwinhu zwese asi, handinhi kukundwa nechinhu [13]chimwe. Zwekuriya
ndezwedumbu, uye dumbu ndeyezwekuya", asi Mwari iro nairo zwese. Mwiri ausi weupombwe, asi ndewa Ishe ndewe
mwiri.[14]Mwari wakamutsa iche uye wakatimutsa nenyasha dzaMwari. [15]Imi amuziwi here kuti Mwiri yenyu ichechi
yaKristu? ndichatora wechechi yaKristu ndikaita machechi ezwifewe here?[16]Hamuziwi kuti wakasangaswa nemhombwe
wawe mwiri mumwe naye here? Sezwinotaura mutemo: Wairi wachawa nya,ma imwechete." [17]Asi wakasanganiswa
naIshe wawa Mweya mumwechete naye.[18]Tizai muwufewe, Zwinhu zwese zwinoitwa nemmunhu zwirikudze kwemwiri,
asi unoita wufewe unotadzira mwiri wake.[19]Amuziwi kuti mwiri wentu ichechi yeMweya muswene urimukati mwenyu,
wamakapiwa na Mwari? hawusi wenyu. [20]Nekuti, makatengwa nemutengo. Saka kudzai, Mwari mumwiri wenyu iri
yaMwari

## 7

[1]Zvino pamusoro pezwamakanyora: "Zvakanaka kuti murume asabate mukadzi". [2]Asi nekuda kwe ufewe, murume umwe
neumwe anofanira kuwa nemukadzi wake, uye mukadzi umwe neumwe anofanira kuwa nemurume wake.[3]Murume
akafanira kupa mukadzi wake kodzero dzakafanira; uye mukadzi akafanira wo kupa murume wake kodzero
[4]dzakafanira. Mukadzi aana simba pamusoro pemwiri wake, asi simba rine murume wake. saizwozwo murume aana
simba pamusoro pemwiri wake, asi simba rine mukadzi wake.[5]Musa dzwinyirirana pakati penyu, kunze kwekuti
matenderana kunguwa diki, kuti muwe nenguwa yekunyengetera. Mukapedza, muwezwe pamwe chete. Kuti Satani
arege kukuedzai nekuda kwekuchaya kuzwidzora kwenyu. [6]Masoko awa andirikukutaurirai awasi mutemo asi kurudziro
kwamuri. [7]Ini ndaida kuti mose muwe seni; asi umwe neumwe anechipo chaakapiwa na mwari, chimwe nechimwe
chakasiana.[8]Ndinokurudzira kuwanhu asati arora nechirikadzi kuti zwakanaka kugara kudaro asina kurora seni. [9]Asi
kana munhu asingadoni kuzwidzora mwiri wake, zwirinane arore hake nekuti azwibatsiri kuchegeta zwinoda moyo
wako.[10]Zwino kune akarora ini ndinoisa mutemo uyu, asi andisini ndi mwari: "Mukadzi azwiti kuti arambane ne
murume wake". [11]Nekuti kana aramba nemurume wake, afaniri kurorwazwe nemumwe murume, kunze
kwekudzokerérana nemurume wake. Naizwozwo murume afaniri kurambana ne mukadzi wake.[12]Asi mese
ndinokutaurirai izwi, aasi Mwari ataura, ndini ndirikutaura, kana pane hama ine mukadzi asiri mutendi uye mukadzi
arikufara nekurarama kwearikuita nemurume wake, ngasarambane nemukadzi wake. [13]Kana pane mukadzi anemurume
asiri mutendi uye murume arikufara nekurarama kwearikuita ne mukadzi wake, ngasarambe nemurume wake. [14]Nekuti
murume asingatendi achacheneswa nekuda kwemukadzi wake, kunze kweizwozwo, wana wawo aiwa akaswipa
pamberi paMwari, asi chokwadi ariwatswene.[15]Asi kana uyo asingatendi akaramba umwe wake obva aenda, musiye
aende. Nekuti hama kana munuguna aumanikidzwe kurarama mararamire iwawo. Asi Mwari akakudana kuti urarame
murugare. [16]Uye munoziwa sei, iwe mukadzi, kuti uchaponesa murume wako? Ko iwe murume unoziwa sei ukti
uchaponesa mukadziwako?[17]Naizwozwo umwe neumwe ngararame upenyu weakapiwa naIshe nekuti ndiwo weaka
daidzirwa. Iwu ndiwo murairo wekumakereke wose. [18]Anga urimunhu wakachecheudzwa pawakadaidzwa namwari kuti
uwemutendi? Ngasa ngasaedze kufisa cuchecheudzwa kwake. Wanga uri munhu aka checheudzwa Mwari pawaka
kudaidzwa mukutenda? Naizwozwo usazwichecheudze. [19]Naizwozwo kana checheudzwa akuna basa. Chinodiwana
kutewera mirairo yaMwari.[20]Umwe neumwe ngarambe akamira maringe kudaidzwa kweakaitwa naMwari mukutende.
[21]Wanga uri muranda pawakadaidzwa na Mwari? usanetseka nazwo. asi sununguka, zwinoita zwakanaka. [22]Kune uya
anodaidzwa naMwari se muranda wake, ndimunhu wakasununguka pamberi paIshe. Naizwozwo, uya akasununguka
paakadaidzwa mukutende, iye ndimuranda waKristo. [23]Imi makatengwa nemutengo, musawa waranda wewanhu.
[24]Hama zwatanga tiri patakadaidzwa mukutenda, ngatirambe takadaro.[25]Zwino kune waya wasinakumborora, ini andina
murairo waIshe. Asi ndinomupai zano rangu semunhu, nengoni dza Ishe, ndino wimbika. [26]Naizwozwo ndinofunga kuti
nekuda kwechuchikana kurikuwanikwa, zwakanaka kuti munhu agare se zwaari.[27]Iwe une sungano rawakaita mukadzi?

usazwiedza kusiana naye. Wakamborambana nemwe mukadzi? usatswake mumwe. [28]Asi kana uka rora, auna kuita
chitadzo. Uye mukadzi asina kurorwa, akarorwa hana kuita chitadzo. Asi uyo anorora anowa nematabudziko mazinji
pakati pekurarama kwawo, ndinokukurudzirai.[29]Asi ndinokutaurirai hama dzangu: Tasara negwa choma, kubva pano
kwenda mberi, siyai wane wakadzi nararme se wasina. [30]Waya wano chema warame se se wasiri kuchema; Waya wano
fara se wasior kufara; Waya waya wanotennga, se wasina kana chinhu; [31]Wano ita nezwekutengesa panyika, se wasiri
kutengesa; Nekuti nyika yamuri kuwona yakuswika kumagumo.[32]Ini ndaida kuti musazowe nekufunganya. nekuti uwo
asina kurora akabatikana nezwa Ishei, nekutswaka kumufadza. [33]Asi murume akarora akabatikana nezwenyika,
nekutswaka kufadza mukadzi wake. [34]uye akapatsanurwa. Zwakare mukadzi asina kurorwa kana mhandara akabatikana
nezwa Ishe, kuti anowa sei mutswene panyama nepamweya. Asi mukadzi akarorwa akabatika nezwe nyika, nekutswaka
kufadza murume wake.[35]Ndirikukutaura izwozwo kuti zwimunakirei, akusi kukumanikidza, Asi zwakanaka kuti munhu
awe akabatikana ne zwaIshe usina kuwarairwa.[36]Asi kana munhu achiona kuti asikuitira zvakanaka mhandara yaakaita
nayo sungano, kana achiziwa kuti rudo raanaro kvaari rakakura, anofanira kuita zvaanoda. nekuti haasi kutadza;
ngarore hake. [37]Asi kana iye agutsika ne moyo waken kuti hadi kurora, ngaazvichengetedze pawido zve moyo wake uye
wagutsikana unofanira kuita sa izvozvo, anoita zvakanaka. [38]Uyo anorora mhandara anoita zvakanaka, asi anotsara
kusarora, arikuita zvakanakisisa.[39]Mukadzi akabatanidzwa nemurume wake achiri mupenyu. kana murume wake afa,
iye akasununguka kurorwa ne umwe murume waanoda, ndi Ishe anotaura izvozvo. [40]Asi ini nekuona kwangu,
anosununguka zvikuru aka akararama ariega. Ndino funga kuti neni wo ndine mweya waMwari.

8 [1]Zwino, pamusoro pechikafu chakabayirwa kuzwifananidzo, tinoziwa kuti "tose tinoruziwo". Kuziya kunowisa, asi
rudo renowaka. [2]Kana munhu achifuga kuti anoziwa chinhu, asi munhu uyu aziwe zwaifanira kuziya. [3]Asi kana
munhu achida Mwari, munhu uyu anozikanwa Naye.[4]Naizwozwo, pamusoro pechikafu chakabayirwa kuzwifananidzo,
tinoziwa kuti " Chifananidzo panyika ino achisi chiro", uye " akuna Mwari asiri mwari umwe chete". [5]Nekuti kune
wanonzi wana mwari, kungawe kudenga kana panyika, kune wajinji "wana mwari" uye wajinji "wana ishe". [6]Asi isu tina
"Mwari umwe chete, uye Baba, zwinhu zwese zwakabva paari, uye tinoraramira ani, Uye umwe chete Ishe Jesu Kristu,
zwinhu zwese zwakawepo nekubudikidza naye, uye isu tinorarama nekubudikidzira naye".[7]Awasi ose wano wanoziwa
izwi. Amwe anhu wachiriwakabatwa nezwifananidzo, wanoyha chikafu ichi wachibayiro chifananidzo. pfugwa dzawo
dzakatapurirwa nekuti wakaneta.[8]Asi achisi chikafu chinotiswitsa pamberi paMwari. Atina kuipa kana tayha uye atinatse
kana tayha. [9]Asi gwarirai kuti rusunuguko renyu rirege kuwa chiguboso kune waya wasina simba pakutenda. [10]Kana
munhu akauya kwamuri, ane ruziwo achiyha chikafu mu kereke yemufananidzo, kuneta kwepfugwa kuswisimbisa
kuyha zwinobayirwa kuzwimufananidzo?[11]Naizwozwo, nekuda kwepfugwa yenyu pachokwandi pakurarama
zwimufananidzo, asina simba, hama Kristu dzaakafira, uye akaparadzwa. [12]Nokudaro wakatadzira hama yako,
kumutonisa ne pfugwa dzakaneta, watadzira Kristu. [13]Naizwozwo kana chikafu chinoita kuti hama yangu itadze, ini
andiye nyama zwekare, kuti ndiite kuti hama yangu itadze.

9

[1]Hadina kusununguka here? handisi muwapostora here? Ini adina kuwona Jesu Ishe wedu here? Imi amusi chibereko
chebasa rangu here? [2]Kunyangwe ndiri muwapostora kune amwwe, zwirokwazwo ndiri kwamuri, nokuti imi muri
simbiso rewapostora wangu munaIshe.[3]Uku ndiko kuzwidawirira kwangukuna awo wanondigarira matare. [4]Hatina
kudzero kuyha kana kuwa here? [5]Hatina kudzrero yekutora mukadzi mutende, kunge zwinoita amwe wapostora, uye
hama dzaIshe na Kefas? [6]Kana kuti ndini chete na Banabas tinofanira kuchada?[7]Ndianiko angarwa hondo achizwiripira
mubairo? Ndianiko anosima munda wemuzambiringa uye asingayhi mazwambiringa acho? Kana kuti ndianiko anedaga
asinganwi mukaka wacho? [8]Ndinotaura izwi nekuda kwesimba rewanhu? Murairo aurewe zwimwechete here?[9]Nekuti
zwakanyorwa mumitemo yaMozisi: "Usasunga muromo wemombe kana uchipura zwiyo". Mwari ane anya nemombe
here? [10]Zwirokwazwo anotaura izwi kwatiri azwisizwo Here? zwakanyorwa nesu, kana murimi achirima nemupuri
achipura, anofanira kuita izwi netariro yekuti achagowerwawo gohwo. [11]Takasima zwinhu zwemweya matiri, tinogawa
chinhu chikuru here kana tichakowa zwinhu zwenyu zwenyama?[12]Kana amwe anekudzero iyi yekuwana rubatsiro
kubva kwamuri? Atifaniri kuwana zwikuru here, isu atishandisi kudzero iyi, asi tinotambudzika pane zwose kuti tirege
kukanganisa vhangeri yaKristu. [13]Imi amuziwi here kuti uya anoshandira mutembere, anogamuchira chikafu
mutembere? Uye uya anoshanda muaritar anopuwawo zwinobva paaritar? [14]Saizwozwo, Ishe wakaraira kuti uya
anoparidza shoko anofanira kurarama mushoko[15]Ini adina kufisa kudzero izwi. Uye adina kunyora zwinhu izwi kuti
zwiitwe neni. Zwiri nani kuti ndife pane kuti umwe munhu anditorera ichi chandinozwirumbidza nacho. [16]Nekuti kana
ndichiparidza shoko, andizwikudze, nekuti ndinosugirwa kuti ndiparidze. ndine nhamo kana ndisigaparidze vhangeri!
[17]Nekuti kana ndichiita izwi kuda kwangu, ndine mubairo; asi kana kuri nekusada kwangu, ndirikungupowa zwinhu izwi
kuti ndiite. [18]Ndiwopiko mubairo wangu? Pandinoparidza, ndinogona kukupai vhangeri pasi mubadaro, uye adiite izwi
nekodzero yangu.[19]Kunyangwe ndakasunuguka pazwese, ndiitei muranda wewese, kuti ndiwane wajinji kwazo. [20]Kune
waJudas ndakazwiita muJuda, kuti ndiwane waJuda. Uya aripasi pemutemo, ndakazwiita semunhu aripasi pemutemo,
kuti ndiwawane pamutemo.[21]Kune waya wasina mutemo, ndakazwiita kunge munhu asi mutemo, kunyangwe ndisina
mutemo yaMwari, asi nemutemo waKristu. Ini ndakaiita izvi kuti ndiwane wanhu wasina mutemo. [22]Kune wakaneta
nakazviita ndakaneta, kuti ndiwane uya akaneta. Ini ndakazvichadura kuita wanhu wese kuti ndiwane wajinji, kuti

ndiponese wajinji. [23]Uye ini ndinoita zvose nekuda kwevhageri, kuti ndiwepowo paropafadzo.[24]Hamuziwe here kuti
panhangemutange wanhu wese wanomanya, asi umwe chete ndiye anopowa mubairo? saka ndirikumanya kuti ndiwane
mubairo. [25]Wanhu wese wanopida mumutambo wanozvirowedza zvakaoma. Iwo wanoita izvi kuti wasarunze korona
inoparara, asi isu tinomanyira kuti tiwane korona insigapere. [27]Naizvozvo, hadimanye ndisina ramagwana, andirwe
ndichirowa mhepo; [26]asi ndinoweredzera mmwiri wangu ndinouita murand, kuitirei kuti mushure mukunge ndapedza
kuparidzira amwe, ini pachangu ndirige kushaya mubairo.

## 10

[1]Ndinoda kuti muziye, hama dzangu, madzibaba wedu wese wanga wari pasi pemakore, wese wakambhira gungwa.
[2]Wese wakabhabhatidzwa na Mozisi mumakore nemugungwa, [3]Wese wakayha chikafu chimwecho chemweya, [4]Wese
wakamwa zwekumwa padombo remweya. Rakawatewera dhombo iroro rakawatewera, ranga riri Kristu.[5]Nekudaro,
Mwari hana kufara newakawanda wawo, nekuti wakaparadzwa murenje. [6]Zwinu izwi zwaiwa zwiratidzo kwatiri, kuti
isu tisaite zwakashata sezwaita iwo.[7]Musanamata zwifananidzo, sewamwe wawo. Sezwakanyorwa: ''Wanhu wakagara
kuti wakayhe nekumwa, wakasimuka kuti watambe''. [8]Zwino hatiiti upombwe, sewamwe wawo, wakaita wupomwe,
wakafa nezuwarimwe, zwiuru[9]Ngatirengei kuedzwa Kristu, sekuedza sewamwe wawo, wakamuedza , wakapadzwa
nenyoka. [10]Uye musagununguna, sewamwe wawo, wakaparadzwa nengirozi yekuparadza.[11]Zwinhu izwi zwakaitika
kwaari semufananidzo kwatiri. Zvakanyorwa kuti tiyewerwe isusu, taswikirwa nekuguma kwenyika. [12]Zwino unoti
ndinomira ngangwarire kuti asadhone. [13]Akuna muedzo wakakubatai imi, asi wewanhu wese. Asi Mwari akatendeka.
Hangakutenderi kuti muedzwe kudarika pamunokwanisa napo; Asi pamwechete nemuedzo Iye uchakupai iye uchakupai
nzira yekubuda nayo, muwe nesimba naiyo.[14]Zwino, hama dzangu, tizai kunamata zwifananidzo. [15]Ini ndinokutaurirai
sekune wakangwara, mungai zwandinotaura. [16]Mukombe weropafadzo, watinoropafadza nawo akusi kusangana neRopa
raKristu here? Chingwa chatinogura hakusi, kusangana nemwriri waKristu [17]here?Zvechiri chingwa chimwe chega, isu
takawanda tiri mweri mumwe chete. Isu tese tinogona pachingwa chimwe.[18]Tarisai wanhu weIsraeri: Waya wanoyha
zvimbairo awagowani neAritari here? [19]Zwino ndirikutaurei zwino? Chabairowa chifananidzo chinhu here? Kana
chifananidzo here?[20]Kwete asi ini, ndinoti izwo zwinobairwa newahedeni, hawazwibairwi naMwari. Asi madimoni; Saka
andidi kuti mubatane nemadimoni! [21]Imi hamufaniri kumwa mukobe waIshe nemadimoni. [22]Hino tinoda kumutsa godo
raIshe here? Isu tinomukunda, nesimba here?[23]Ndakatenderwa zvinhu zvese'', azvina maturo. ''Ndakatenderwa zvinhu
zvese azvindisimbisi. [24]Munhu ngarengere kuzvitswakirazve, asi zvemumwe.[25]Iyhai zvese zvinotengeswa kumusika,
musingabvunzi chinhu, pamusoro pehana. [26]Zwino nyika nekuzara kwaiyo ndezva Jeova. [27]Kana munhu asingatendi
mukokei kuti ayhe zekuyha, iyhai zvese, zvakagadzirirwa pamberi penyu, apana anobvunza chinhu pamusoro pehana.
[28]Asi kana munhu akati: '' Cheekuyha chakabairwa badarai,'' musayha. Nekuda kwaiye wakakupangidzirai uye nekuda
kwehana. [29]Ini anditauri hana yako asi hana yeumwe munhu. Nekuti kusununguka kwangu kunotongerwei
nehananyeumwe? [30]Kana ini ndichiyha ndinotukirweiko, nekuda kwechinhu chandinopa rumbidzo pamusoro pacho?
[31]Naizvozvo kana muchiyha kana kumwa, kana muchita chipi nechipi, itai zvese kuti Mwari akudzwe. [32]Zvino
musagumbhusa waJuda, kana waGiriki, kana nKerenke yaMwari. [33]Seni ndinofadza wanhu wese pazwinhu zvese,
ndisingatswaki, zvingandibatsira inini, zvinobatsira wanhu wakawanda, kuti waponeswe

## 11

[1]Iwai watewedzer wangu, se zvandir muKristo. [2]zvino imi ndinokurumbidzai nekuda kwekundirangarira mune zvese,
uye makabata nemwazvo tsika sedzandanga ndakupai. [3]Zvino ndinoda kuti muziwe kuti Kristo musoro wemurume,
murume musoro wemukadzi, uye Mwari ndimusoro waKristo. [4]Kana chero munhu akanamata kana kuporofita
nemusoro wakafukidzwa arikushora musoro wake.[5]Kana chero mukadzi akanamata kana kuporofita nemusoro wake
usina kufukidzwa iye arikushora musoro wake; Nekuti zvinoita se musoro wake wakaparwa. [6]Kana mukadzi asikafukidzi
musoro wake, iye anofanira kugurira bvudzi rake riwe ripfupi, asi kana zviri kumunyadza kuwa nebvudzi raka ripfupi
ngaapare rese, kana kuti afukidze musoro wake.[7]Nekuti warume awafanir kuwa nemusoro wakagerwa, sezvo iye
mufananidzo mukubwinya kwaMwari. Asi mukadzi kubwinya kwemurume. [8]Saka murume haana kuitwa pamukadzi, asi
mukadzi akaitwa pamurume.[9]Zvimwezvo murume aana kusikirwa mukadzi asi mukadzi kumurume. [10]Naizvozvo
mukadzi anofanira kuwa nechiratidzo chemutewo mumusoro make, nekuda kwengirozi.[1112]Naizvozvo munaShe mukadzi
aana rusununguko kumurume, uye murume aana rusunguko kumukadzi. Naizvozvo sezve mukadzi anobva kumurume,
zvimwe chete murume anobvawo kumukadzi. Uye zvinhu zvese zvinobva kuna Mwari.[13]Zvibvundzei pachezvenyu:
Zvakafanira kuti mukadzi anamate Mwari nemusoro wake usina kufukidzwa? [14]Masikirwe azvo amuna kufundiswa kuti
kana murume ane bvudzi rakareba zvinonyadzisa iye? [15]Masikirwe azvo amuna kufundiswa kuti mukadzi anebvudzi
rakareba, ndiko kubwinya kwake? Nekuti akapiwa bvudzi se chifukidzo. [16]Asi kana pane munhu anoda kupikisa nekuda
kweizvozvo, isu atina tsika idzodzo, kana kereke yaMwari aina.[17]Nekuda kweizvovo, ini andinokukudzei, nekuti
pamunosanga amuite kuti zvinake asi munozvinyanyisa. [18]Chekutanga chandazwa ngechekuti, pamuno sangana
mukereke, muno patsanurarana pakati penyu, ndinoziwa kuti makaita zvidimbu ne zvidimbu. [19]Ninoziwa kuti munoita
izvozvo kuti muonekwe naMwari, kuti munoziwa.[20]Nekuti pamuno sangana mukereke achisi chirairo chaShe
chamunoyha, chirairo chenyu chamunoyha. [21]Pamunosoyha, umwe neumwe anoyha chikafu chake wamwe wasati
wayhawo. Umwe anenzara, umwe akutodakwa. [22]amuna imba yekuyhira nekumwira here? Murikusiya nezve kereke


generated on Tue Aug 5 16:22:22 2025

yaMwari muchichora waya wanotambudzika? murikuda kuti nditaurei? Murikuda kutindimupei makorokoto here? Ini
aandikupei makorokoto![23]Nekuti zvandakapiwa nashe ndizvo zvandakupai, kuti Jeso usiku waakatengeswa, akabata
chingwa; [24]Paakaropafadza, iye akagura akati: "uyu ndimwiri wangu, wamakapiwa imi. mozoita izvi muchindifunga.
[25]Paakawapa chirairo, iye akabata mukombe akati: "Mukombe uyu isungano ritswa neropa rangu. Itai saizvozvo
muchindirangarira pese pamunowa iwi". [26]Nekuti nguwa dzose pamunoyha chingwa ichi kana kumwa mukombe uyo,
murikuparidza kufa kwaShe kuswika adzoka.[27]Naizvozvo, kana munhu achiyha chingwa kana kumwa mukombe waShe
zvesina kufanira achawa nemhoswa yemwiri neropa raShe. [28]Unofanira kutanga waziwa, wozoyha chingwa kana kumwa
mukombe. [29]Nekuti uyo anoyha nekumwa asikaziwi kuti zvinorewei mwiri, iye arikumwa kutongwa pamusoro pake.
[30]Ndosaka aripo pakatipenyu wakaneta, anorhara, uye amwe akatofa.[31]Asi kudai takazvitswakisisa, tanga tisingatongwi.
[32]Naizvozvo tino tongwa nashe, nekuti takafundiswa, kuti tisazotongwa pamwe chete nenyika.[33]Naizvozvo, Hama dzangu,
pamunosangana miriranai paka tipemyu. [34]kana pane munhu anenzara, ngayhe kumba kwake kuti musaunganira
kutongwa. Nezvandaka nyora, ndichakutaurirai zwekuita ndikaswika.

## 12

[1]Nekuda kwezvipo , hama, hadidi kuti muwe musigaziwe. [2]Munoziwa kuti pakanga muri wahedeni, maitorwa
nezvimufananidzo zvisingataure. [3]Naizvozvo ndinoda kuti muziwe kuti awasi wese wane Mweya waMwari wanogona
kuti: ';Jesu ngaatukwe''. Uye apana anoti: ''Jesu ndiIshe'', kunze kweMweya mutswene.[4]Zvino, zvipo zvakasiyana, asi
Mweya umwe. [5]kana kushumira kwakasiyana, asi Ishe ndemumwe. [6]Uye kune basa akanasiya, asi Mwari ndimumwe
zvinoita kugoni wezvose.[7]Chimwe ne chimwe chene machandiro acho zvisinga oneke neMweya kuti ibatsire zvose.
[8]Nekuti umwe anopuwa neMweya shoko rouchenjere, mumwe shoko rokuziwa noMweya umwe chete.[9]Umwe kutenda ne
Mweya umwe chete, uye amwe zvipo zvekuponesa, uye amwe, [10]zvipo zvesimba, uye amwe, chiporofita, uye amwe,
kuzvisisa Mweya, uye amwe, kutaura nedimi tsakasiyanasiyana, uye amwe kududzira ndimi. [11]Asi Mweya umwe chete
unoshada kwese, wachipa zvipo kune umwe ne umwe,zvanoda.[12]Nekuti, mwiri chinhu chimwechete mitenzo mijinji uye
yese mitenzo yemwiri umwe chete, ndzvo zvakaita Kristu. [13]Nekuti, Mweya umwe chete, tese takababatidzwa mumwiri
imwe chete: kunyangwe uri mujuda, kana kuti magirike; kana kuti musugwa, kana kuti akasunuguka; uye wese
wakaitwa kuti amwe Mweya umwe chete.[14]Nekuti mwiri hausi mitenzo umwe chete, asi zvakawanda. [15]Kana mukubo
achiti: ''Sezvo inini andisi moko, ini adisi chikamu chimwiri'', Haruganrigi kuwa chikamu chimwiri nekuda kwe chikamu
ichi. [16]Uye kana nzewe ikati: ''Nekuti ini adisi ziso, ini adisi chikamu chemwiri'', harurege kuya chikamu chemwiri. [17]Ndai
mwiri ose uri dziso, nzewe ndai irikupi? Ndai mwiri wese urinzewe, kunuwidza kwawepiko?[18]Zvino Mwari akaisa
mitenzo pamwiri Yake. umwe ne mumwe wayosezvaakada luti iwe. [19]Uye ndai arimutenzo, yose mwiri ndai urikupiko?
[20]Naizvozvo kune mitenzo mijinji, kumwiri imwechete.[21]Ziso aifaniri kuti kune moko: ''ini hadindi iwe'', kana musoro
kune makubo: ''ini adindi imi''. [22]Asi mitenzo yemwiri inenge isina simba ndizvo zvinodikanwa. [23]uye zvimwe zvikamu
zvatinofunga kuti azvikudzwe, tinozvipa rukudzo rukuro, mitenzo yenokudzwa. [24]Zvino mitenzo yedu aindi
kushogedzwa. asi Mwari akabatanidza mutenzo yomwiri uye yakakudzwa kukuru kumitenzo iyi isingakudzwe.[25]Iye
akaita kudaro kuti kusawe nekupesana mumwiri, asi kuti mitenzo ichengetane zvaendzana. Uye kana umwe mutenzo
ukatabudzika, mitenzo yose inotambudzoka pamwechete. [26]Kana kuti umwe mitenzo inokudzwa, mitenzo yose inofara
uye inobatana. [27]Naizwozwo imi murichikamu chemwiri waKristu uye umwe na umwe inemitenzo yayo.[28]Uye Mwari
mukereke akagadza wapostora, newaporofita, uye wechitatu mudzidzisi, uye terewere waita minana, newane zvipo
zvekuporesa, newanobatsira umwe, waya wanezvipo zvekufamba basa, uye waya wanezvipo zvijinji zvendimi. [29]Tese tiri
mawapostora? Tese tirimaporofita? Tese tiriwadzidzisi? Tese tinoita minana?[30]Wese wane zvipo zvekuporesa? Wese
wanotaura nendimi? Wese wanodudzira here? [31]tsakai kwazo zvipo zvikuru. Uye ini ndichakuratidzai gwanzi rakanaka.

## 13

[1]Kunyangwe ndichitaura mutauro wewanhu kana kuti wegirozi, ndai ndisina rudo, ndakaita sendere rinorira kana
dzinongoti gweregwere. [2]Kunyangwe ndine chipo chechiporofita uye ndichiziwa chokwandi chese neziwo uye kana
kuya nekutenda kunofambisa makomo, asi kana usina rudo, dai ndisiri chinhu. [3]Kana ndikagowera zvose zvandinazvo
kuwarobouye ndikapa mwiri wangu kuti upiswe, ndisina rudo apana chinobasira.[4]Rudo rone moyo murifu. Rudo arina
ruwengo, kana kuzwikudza; [5]arina manyawi, azviite zvokuwirimira amwe; harutsake zvaro; arukurumidze kutsamwa;
aruna pfundi pfundi. [6]Rudo arufarire zvakaipa, asi inofara nechokwandi. [7]Rudo rinodziwirira nguwa dzose, runotenda
nguwa dzose, rrinotsugirira nguwa dzose.[8]Rudo arupere. kunyangwe kune zviporofita, zvichapfura; kana ndimi,
zvichagumiswa; kana ruri ruziwo, zvichapfura. [9]Nekuti mukuziwa kwedu tinoziwa zvisakakwana tinoporofita, asi,
zvinoitwa zvisina kugwana tinoporofita zvisakakwana, [10]asi, kana zvakakwana zvasvika, zvisakakwana zvichabvˈiswa..
[11]pandaiwa mwana, ndaitaura semwana, ndichifunga semwana, ndaitonga semwana. [12]pandakawa muruku, ndakasiya
zvinhu zvese zvechiwana. Iko zvino, takamowona se chiwoneso, zvisiri pachena asi tichamowona ne meso. [13]Asi ini
ndinoziwa dzibo imwe, asi ndichaziwa semaziwiswe andakaitwa. Zvino zvitatu izvi: kutenda, netariro ne rudo, asi
chikuru chawo irudo.

## 14

[1]Tererai Rudo, shingirirai muZvipo zvemweya, Asi zvikuru kuti muporofite; [2]nekuti uya unotaura nendimi hatauri
kuwanhu, asi kunaMwari. Uye akuna anodzwisisa; asi nemweya unotaura zvakawanda. [3]Asi uya unoporofita unotaura

kuwanhu, kuti wasimbiswe nekurairwa, nekunyaradzwa. [4]Uya unotaura nendimi, unosimbisa pachezvake, asi
unoporofita unosimbisa nkerenke.[5]Ndinoda kuti imi mose mutaure nendimi; asi chikuru ndinoda kuti muporofite. Uya
unoporofita mukuru kune wanotaura nendimi asi kana achidudzira kuti kereke isimbiswe. [6]Asi hama, dzangu, kana
ndikaswika kwamuri ndichitaura nendimi, ndinokubatsirai? Chinyi, kana ndisingazarurirwi! kana nekuzia, nekuporofita
kana kudzidzisa.[7]Kunyangwe zvinhu zvisina wupenyu zvinorira, kana irinyere, kana rundibwa kana zvisingasiani
pakurira kwazvo zvingaziwikanwa seiko, zvinoridzwa nenyere kana rudimbwa? [8]Kana wamanda isingariri zvikuru,
ndiani ungazvigadzira kondorwa? [9]Zvakadarowo nemiwo: Kana musingatauri nerurimi rinonatsakuziwikanwa,
zvinotaurwa zvichizikana seiko? Nekuti Imi muchataura henyu asi apana anokuswisisai.[10]Pasina kufungidzira, kune
mitauro yakawanda yakasiana panyika, akuna, chinhu chisina idzwiracho. [11]Zvino kana, ndisingaziwi kuti rinotaurei, ini
ndichawa semunhu werumwe mutauro, kune unotaura uchawa semunhu werimwe rurimi.[12]Saizvozvo imi
zvamunoshingirira, muzvinhu zvemweya tsakai kusimbisa kereke. [13]Zwino, unotaura nendimi unofanira kunata kuti
aturikire. [14]Nekuti kana ndichinamata nendimi, Mweya wangu unonamata asi, pfungwa kwangu kunoshaiwa zvibereko.
[15]Zvino chiko? ndichanamata nemweya wangu, ndichanamata nekufunga kwangu. Ndichaimba nemweya wangu, uye
ndichaimba nekufunga kwanguwo. [16]Zvikasaita kudaro, kana iwewe uchinamata Mwari nemweya, ko uyu akagara
pachigaro chawasina kudzidza, uchaita ''ameni'' seiko pakunamata kwako zvasingaziwi chaunotaura iwe?[17]Nekuti iwewe
unonamata zvakanaka, asi wamwe wanhu, hawasimbiswi. [18]Ini ndinotenda Mwari nekutaura nendimi dzakawanda
kudarika imi mwese, [19]Asi pakereke ndinoda zvikurr kutaura mashoko mashoma nekufunga kwangu, kuti ndidzidzise,
wamwe, kutaura nendimi, mashoko anezvuru zvinegumi.[20]Hama dzangu, musaita wana, pakuziya, asi muwe wacheche;
pazvinhu zvakaipa, asi pakufunga iwai wakuru. [21]Pamutemo zvakanyorwa pachiti: ''ndichataura kuwanhu awa,
ndichitaura newanhu wedzimwe ndimi nemimwe miromo; kunyangwe zvakadaro asi nekudaro, Awana, Kundinzwa'',
ndizvo zvinotaura Ishe.[22]Zvino ndimi adzisi chiratidzo kune wanotwenda, asi kune wasingatendi; Asi chiporofita
chiratidzo, kwete kune wasiri waKristu; asi kune waKristu. [23]Zwino kana kereke yese yaungana, wese wakataura
nendimi, wasina kufunda, kana wasina kutenda, wakapinda hawati munopenga here?[24]Asi kana wese waporofita
mumwe usingatendi kana mumwe wekunze, usina kudzidza, akapinda uchatendeswa newese uchatongwa, nezvese
zvataurirwa. [25]Nenzira iyi zvakawadzika zviri mumuyo wake zvicharatidzwa; naizvozvo uchawira pasi nechiso chake,
uchinamata Ishe, nekupupura kuti Mwari uri pakati penyu.[26]Tichatiyiko, hama dzangu? Kana muchiungana mumwe
nemumwe, unepisarema, unechekufundisa, unechakazarurirwa, unerimwe rurimi, unechekuturikira, ngazviitwe zvese
kuti musimbiswe. [27]Kana munhu achitaura, nerimwe rurimi, ngazviitwe newawiri kana kuti wasapfure watatu,
wachitaurirana wachidudzira. [28]Kana pasina wanodudzira , mumwe nemumwe ngarambe akanyarara mukereke. siayai
ataure enga iye nekuna Mwari.[29]Kuti waporofita wawiri kana watatu, wataure zvinodzwa wamwe wadudzire. [30]Asi,
kuzarurirwa kumwe kupapiwa wakagara pasi mukereke, ngarambe akanyarara nezvirikutaurwa.[31]Nekuti mumwe
nemumwe unongona kuporofita, paimwi mese, kuti wese wadzidze wese wasimbiswe. [32]Mweya yewaporofita inozvisa
pasi wewaporofita. [33]Nekuti Mwari haasi Mwari wekupesanisana, asi werugare. sepakereke yewaswene.[34]Wakadzi
wanofanira kunyarara mumakereke, nekuti haatenderwi kutaura. Kunze kwazvo, wanofanira kuzviisa pasi, sekutaura
kunoita mutemo. [35]kana paine zvaanoda kubvunza iwo, ngabvunze warume wawo, kumba. Nekuti zvinonyadzisa kuti
ataure mukereke. [36]Ko shoko raMwari rakabva kwamuri here. kana kuti rabva kwamuri mwenga here?[37]Kana munhu
achifunga kuita muporofita, kana kuti wemweya. Natende kuti murairo waIshe wandakakunyorerai. [38]Asi kana munhu
akasawaziwa, izvi azvingaziwikani.[39]Zwino, hama, shingirirai kuporofuita, uye musarambidza mumwe kutaura nendimi.
[40]Asi zvese ngazviitwe nenzira yakafanira

# 15

[1]Ndinokuyeuchidzai hama, muvhangere yandakakuparidzirai, yamakagamuchira, uye ramakamirira mairi. [2]Uye
ndivhangeri iyi tinoponeswa, kana makabatirira kwazvo vhangere yandakaparidza, kana kuti makatenda pasina.[3]Nekuti
zvadakagamuchira zvinokosha pekutanga ndizvo zwandakupai: kuti Kristu akafira zviwi zvedu, sezvanyorwa mubhuku;
[4]uye Iye akawigwa uye akamuka nezuwa retatu, zvakanyorwa mubhuku.[5]Uye akauya kuna Kefas, chechipiri kuwagumi
newairi. [6]Chechipiri kwakauya hama dzinosvika mazana mashanu kamwe chete, amwe achirikurarama, asi amwe awata.
[7]Uyezve akauyawo kuna Jakobho, kwechipiri kuwapostore wese.[8]Uye patakapedzisira, Iye akauya kwandiri, semwana
akabarwa nguwa isati yasvika. [9]Nekuti ini ndirimuduku kwaapostora, hadikudzere kunzi muwapostora nekuti ndaitera
kereke yaMwari.[10]Asi, nenyasha dzaMwari, ndizvo dizvo zvandiri asi nyasha dzenyu adzina kuwa dzemahara. kunze kwe
izvi, asi ndakashada zvikuru kupfura iwo, kunyangwe ndisiri ini, asi nyasha dzaMwari dzirimandiri. [11]Naizwozwo, kana
ndiri ini kana imi, nekudaro tinoparadza, uye wakatendeka.[12]Kana Kristu achiparidzwa akamuswa kubva kuwakafa,
seiko imi muchiti akuna kumuswa? [13]Asi, kana kusina kumuka kwewakafa, Nekudaro Kristu aana kumuka. [14]Saka kana
Kristu asina kumuka, saka kushumira kwedu tirikushumira pasina, uye murikutenda pasina.[15]Uye pamberi paMwari
tichaoneka kunge tirizvapupu zvenheme, nekuti takapupura kuti Mwari akamutsa Kristu kuwakafa, asi haana
kumutswa. [16]Nekuti kana wakafa wasinga mutswi, saizvozvo Kristu haana kumutswa kuwakafa. [17]Uye kana Kristu asina
kumustwa, kutenda kwenyu kutenda pasina, uye muchiri muzviwi zvenyu.[18]Nokudaro waya wakafa muna Kristu
wachapfura. [19]Kana tine tariro muna Kristu nekuda kweupenyu uchauya, tinozwa urombo wanhu wese.[20]Asi zvino, Kristu
akamutswa kubva kuwakafa, ndiye chibereko chekutanga kune waya wakafa. [21]Tinowona kuti rufu rakauya neumwe
murume, nekudawo kweumwe murume kwakauya kumutswa kwewakafa.[22]Nekuti, muna Adhamu tese takafa, uye muna

 generated on Tue Aug 5 16:22:22 2025

Kristu takamutswa. [23]Asi, umwe chete, munguwa yake: Kristu, Chimbereko chekutanga, waya warikwa Kristu, nokuya
kwake.[24]Nokudaro achawa magumo, kana Kristu akapa umambo kuna Mwari, Baba, achaparadza ushe ose ukuru
nesimba rose. [25]Nekuti Iye anofanira kutonga kusvikira wawenge wake waswa mutsoka dzake. [26]Muwenge wekupedzisira
kuparadzwa irufu.[27]Nekuti ''Iye akaisa zvinhu zvose pasi petsoka dzake''. Asi, kana pachindzi: ''Iye akaisa zvinhu zvose'',
zviri pachena kuti azvisanganisiri Mwari pachake, iye akaisa zvinhu zvose pasi paKristu. [28]Kana zvino zvese zviripasi
Pake, Nokudaro Mwana anozvisa pasi peuya anoisa zvinhu zvose pasi pake, kuti Mwari, Baba, kuti awe zvese pawose.
[29]Wachaita sei waya wanozvbabatidza ne rufu? Kana wakafa wasinga muki, sei wachibabatidzwa nenyaya yawo? [30]Uye
tinozviisireiko panjodzi nguwa dzose?[31]Ndinorwa nerufu zuwa ne zuwa. izvi ndinotaura ndichizvikudza kwamuri,
zvandirinazvo muna Kristu Jesun Ishe wedu. [32]Ndinowanei, kana kurikuda kwenyama, ndakarwa nemuka kwaEfeso,
Kana wakafa wasinga mutswe? ''ngatiye nekumwa, nekuti magwana tichafa''.[33]Musanyegerwe: ''Uchamwari wakaipa
unoudza dzika dzakanaka''. [34]Dzokai pandagariro yenyu! Raramai muwotswene! Musatadze. Nekuti amwe wenyu awana
ziwo raMwari. Ndinotaura izvi mukunyara kwenyu.[35]Asi umwe achati: ''Wakafa wachamutswa seiko? Uye wachauya
nemwiri upiko?'' [36]Murimapenzi! zvamunosima azvikure munege mafa.[37]Wanosima ausi mwiri unonuda, Asi tsaga, inoita
ngorosi kana chimwe chinhu chimwe chisimwa. [38]Asi Mwari wachapa mwiri wawanoda, iye chisimwa chimwe ne
chimwe chichapa mwiri yawo. [39]aisi mwiri yese imwiri yakafanana, asi imwe mwiri yewanhu, imwe imwri yemuka,
imwe ndeyechiri, uye imwe ndeyehowe.[40]Uye mwiri dzekudenga nedzepanyika. Asi kubwenya kwemwiri yekudenga, asi
kubwinya kwemwiri yepanyika yakasiyana. [41]Kune kubwenya kwezuwa, imwe kubwenya kwemwedzi uye kumwe
kubwenya kwenyeredzi nekuti imwe nyeredzi yakasiya pakubwenya.[42]Nokudaro kumutsaw kwewakafa: asi chinosimwa
chinoparara, uye chimutswa achiparare. [43]Chinosimwa mukuchorwa chinomutswa mukubwinya. Chinosimwa mukuneta
chimutswa mukusimba. Chinosimwa mumwiri yemunhu [44]chimutswa mumwiri yemweya. nekuti kune mwiri yemunhu
ne mwiri yemweya.[45]Zvakanyorwa kuti: ''Munhu wokutanga, Adhamu, Akaitwa munhu anorarama''; Adhamu
wekupedzisira akauye nemweya wakaruramiswa. [46]Nekuti mweya auna kutanga wauya; asi wenyama, uye chechipire
yemweya.[47]Munhu wekutanga ndewepanyika, akaitwa nemavu; munhu wechipiri ndewekudenga. [48]Kufanana
kwemunhu akaitwa nemavhu, ndokuitwa kwemavhu; kufanana kwemunhu wekudenga,uyezve ndizvo zvinoita waya
wekudenga. [49]Sezvo tinotakura mufananidzo wemunhu wemumavu, uyezve tinotakurawo mufananidzo wemunhu
wekudenga.[50]Ndinokuraira izvi, hama, kuti nyama ne mweya azviye nhaka weumambo waMwari, nekuti zvinoparara
azvigayi nhaka nezvisingaparare. [51]Tererai ndinokutaurirai zvakawadzika: atisi tose tichafa, asi tese tichashadurwa.[52]Isu
tichachadurwa pakarepo, sokubwaira kweziso, pahamanda yekupedzisera. Nekuti wamanda icharira, wakafa
wachamuswa mukusaparara, uye tese tichachadurwa. [53]Nekuti mwiri uyo unoparara unofanora kupfeka kusaparara, uye
mwiri uyo unofa unofanira kupfeka mwiri usingafe.[54]Asi, kana mwiri uyo unoparara ukapfeka usinga parare, mwiri uyo
unofa unofanira kupfeka mwiri usingafe, uye zvichauya zvakanyorwa: ''Rufu rakamedzwa nekukunda''. [55]''Rufu, kukunda
kwako kuripiko?''. ''Rufu , kukwadza kwako kuripiko?''.[56]Kukwadza kwerufu Chiwi, uye simba rechiwi mitemo. [57]Asi
nyasha dzaMwari, inotipa kukunda nekuda kwaJesu Kristu Ishe wedu![58]Naizvovzo, hama dzinodiwa, mira makashinga
uye musingabatike. Muchichandira Ishe nguwa dzose, nekuti muziya kuti kubata basa rake hakungawi pasina.

## 16

[1]Zvino musengo sengo we watswene, wandakataura iitwe kukereke yeku Gareriya, nemi wo itaiwo. [2]Pasondo rekutanga
munofanira ku gadzirisa zvimwe muchengete, kuti kusazowe nemusengo pandinoenda.[3]Ndikazo swika, uya
wandichatsara, ndiye wandichatumidzira tsamba kuti muende kosiya misengo dzwenyu kuJerusarema. [4]Kana zvechita
kuti ndiende nemi, ndichaenda nemi.[5]Asi Kana ndikaenda kozosangana nemi ikoko ndichatadarika neku makadhonia,
asi ndichadarika neko kumakadonia. [6]Ndinofunga kuti ndichawa nemi kutswika nguwa yechando yadarika, kuti
mugondibatsira kwese kwandino enda parwendo randiri naro.[7]Nekuti andidi kuwa nemi kwenguwa idiki, Ishe akada,
ndinoda kuwa nemi kunguwa yakareba. [8]Asi ndichagara kuwayefeso kuswika pa zuwa rependakosti, [9]nekuti pavurwa
musuwo kwandiri wakakura uye wakanaka, uyezwe kunewawengi akawandisa.[10]Uye kana Timotio aswika, mubatei
zvakanaka kuti iye awe nemi asingatwe, nekuti iye arikuiota masa raShe, se ini. [11]Naizvozvo musamushore. Asi fambai
naye muruga kuti auye kwandiri, nekuti ndakakumirirai pamwe chete naye. [12]Asi kuhama yedu Apolo, ndakamusimbisa
mukuchinga kuti ayende kunochanya nehama, asi aramba kwenda nekukasika. asihazvo, akaona guwa achaenda.
[13]Rindai, iwai makasimba pakutenda, iwai makachinga. [14]Zvese zvamunoita itai nerudo.[15]Imi munoziwa kuti wekwa
Stefana ndiwo wakatanga kutendeuka ku Akaya uye akawimbika pamabasa ewatswene. Zvino ndinokukurudzirai, hama
dzangu, [16]kuti muswiise pasi pawanhu awa uye zvamuno chanda zvinotibatsira.[17]ini ndinofara nekuuya kwaStefana,
naFortunato naAkaiako. Nekuti Iwo wandiitira zwamanga musingagoni kundiitira pamaka buda. [18]Nekuti wakazorodza
mweya wangu newenyu. Naizvozvo kudzai anhu akadai.[19]Makereke ekuAsia anokukwadzisai munaShe, se kherekhe iri
kuguta kwawo. [20]Hama dzose dzinokukwadzisai. Kwadzisanai pakati penyu nekutsoda kweutswene.[21]Ini, Pauro,
ndinonyora ne mokodzangu: [22]Kana munhu asingadi Ishe, ngaatukwe. Ishe Jesu anouya! [23]Nyasha dzaShe Jesu dziwe
nemi. [24]Rudo rwangu ngariwe nemwi mese nuna Jesu Kristo.


generated on Tue Aug 5 16:22:22 2025